Mayor's Office of ThriveNYC

Gid COVID-19 nan Resous Sante Mantal pou Moun ki gen Pwoblèm ak Lajistis

Gid sa a gen ladan li resous sante mantal ak enfòmasyon ki kapab ede moun ki gen pwoblèm ak lajistis, moun ki gen pwòch yo te mete nan prizon dènyeman, ak moun k ap bay timoun swen ki gen paran yo nan prizon jwenn sipò sante mantal pandan pandemi COVID-19 la. Tout resous ki nan gid sa a gratis, sekrè epi ou ka jwenn yo nan telefòn, mesaj tèks, oswa sou entènèt.

Resous pou moun ki gen pwoblèm ak lajistis

Sèvis sante mantal ak sèvis pou moun ki abize alkòl ak dwòg ki gratis epi konfidansyèl disponib nan òganizasyon sa yo:

- **Sèvis sante mantal adistans nan CASES Nathaniel Clinic nan Central Harlem** disponib pou nouvo kliyan ak kliyan aktyèl ki gen 13 lane e plis yo. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou fè yon referans, ale sou sitwèb yo a oswa rele nan 212-553-6708.
- **Pwogram sante mantal ak pwogram tretman pou moun ki itilize alkòl ak dwòg nan Fortune Society** ap pran nouvo referans epi li ap dirije seyans nan telefòn oswa nan videyo:
  - Pwogram sante mantal la ofri premye evalyasyon yo, evalyasyon sikyatrik yo, terapi endividyèl, entèvansyon nan sitiyasyon kriz ak seyans suivi pou jesyon medikaman. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Andrew Tate nan 929-487-9916 oswa atate@fortunesociety.org.
  - Pwogram Tretman pou Moun ki Abize Alkòl ak Dwòg yo ofri premye evalyasyon yo, terapi-konsèy endividyèl ak seyans an gwoup. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Jasmine Lastra nan 929-487-9495 oswa nan jlastra@fortunesociety.org.
- **Terapi ki santre sou chòk disponib pou tout fanm ki gen pwoblèm ak lajistis, nan** Asosyasyon Fanm nan Prizon **(Women's Prison Association, WPA), ki gen ladan li fanm ki transjan ak fanm ki sisjan, ak tout moun ki di yo pa ni fanm ni gason ak moun ki pa konfòm ak jan yo.** Rele nan 347-803-3535 oswa nan 347-820-0658 pou sèvis an Panyòl.
- **Sèvis sante mantal, sèvis tretman pou moun ki pran dwòg, sipò pou retablisman, ak lòt sèvis yo disponib pou moun tout sèks, oryantasyon seksyèl, ras, ak laj VIH/SIDA a afekte, moun ki nan prizon, moun ki itilize dwòg ak alkòl, ak moun ki gen pwoblèm sante konpòtmantal,** nan EXPONENTS. Yo ofri plizyè pwogram ki espesifik pou LGBT. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou pran yon randevou pou rankontre ak yon konseye, rele nan 212-243-3434. Pou sipò emosyonèl, ou kapab rele liy sipò nan sitiyasyon kriz 24 sou 24, 7 sou 7 yo a tou nan 917-681-8531.

Lè ou jwenn sèvis re-entegrasyon ki disponib yo, sa kapab ede pandan oumenm ak pwòch ou yo ap fè tranzisyon nan kay, tankou:

- **Sèvis re-entegrasyon konplè yo, ki gen ladan yo gwoup vityèl ak sèvis endividyèl yo disponib nan** Asosyasyon Osbone (the Osborne Association), **ki gen ladan planifikasyon pou soti anvan pèmisyon ak jesyon dosye re-entegrasyon.** Rele Liy dirèk Re-entegrasyon Vil New York la (1-833-672-3733) nenpòt jou ant 8è AM rive 8è PM pou enfòmasyon sou referans pou nenpòt bezwen re-entegrasyon, ki gen ladan sèvis sante mantal.
- **PORTline se yon liy dirèk ki la espesyalman pou ede ak re-entegrasyon epi tranzisyon pou soti nan prizon, ki se yon inisyativ Sèvis Sante Koreksyonèl (Correctional Health Services) avèk patnè NYC Health + Hospitals yo.** Pwen Re-entegrasyon ak Tranzisyon (Point of Reentry and Transition, PORT) kapab ede avèk sante mantal, ak bezwen moun ki abize dwòg ak alkòl, reponn kesyon sou avantaj yo, epi fè referans bay lòt sèvis yo. Rele nan 646-614-1000 oswa voye imèl nan chsportline@nychhc.org.
- **Sante Ou Enpòtan: Fason Pwoblèm ak Lajistis Penal Ka Afekte Sante Ou** se yon gid Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) sou fason moun ki ap re-entegre yo kapab jere sante yo ak jwenn sipò yo bezwen an.

Lè ou nan yon gwoup vityèl ki gen moun ki te fè eksperyans ki sanble ak pa ou an, sa kapab ede ou fè fas ak sitiyasyon an epi konekte:

- **Sipò kominotè vityèl, fas-a-fas, ak randevou sikyat akselere** disponib nan pwogram OnRamp Fountain House pou moun ki gen pwoblèm ak lajistis epi ki gen pwoblèm sante mantal. Voye imèl nan onramp@fountainhouse.org oswa rele nan 917-676-5157 pou jwenn plis enfòmasyon.

Resous pou moun ki gen pwòch yo mete oswa yo te mete nan prizon dènyeman

Aktivite ki apwopriye pou laj, tankou fè lekti ak gade videyo edikatif yo, kapab ede timoun yo jere estrès epi devlope rezilyans. Aktivite ki disponib yo:

- **Resous rezilyans yo fèt pou jèn timoun ki gen 6 lane e mwens yo k ap fè fas ak anprizonnman yon paran, li soti nan Sesame Street Workshop.** Li gen resous edikatif gratis ki genyen yon liv istwa pou timoun, videyo, aktivite, ak feyè konsèy pou paran ak moun k ap bay swen yo.
- **Rekòmandasyon liv pou timoun epi ki pale sou timoun paran ki nan prizon yo ki soti nan** We Got Us Now, ki se yon òganizasyon timoun paran ki nan prizon yo bati epi dirije ak òf yo.
- **Liv ki rekòmande pou timoun epi ki konsène timoun ki gen paran nan prizon** ak kèk konsèy pou kreye yon espas ki an sekirite kote timoun yo ak fanmi yo santi yo alèz pou yo esprime emosyon yo san yo pa santi yo jijè yo, blame yo, oswa mete etikèt sou do yo, li soti nan Inisyativ New York pou Timoun ki gen Paran nan Prizon yo (New York Initiative for Children of Incarcerated Parents).

Lè ou aprann fason COVID-19 la ka afekte sante mantal jèn moun yo, sa kapab ede ou sipòte yo pi byen. Resous yo disponib:

- **Èd pou moun k ap bay swen ki pa paran yo**, ki gen ladan yon paj resous COVID-19, ki se yon seminè sou entènèt sou fason pou pale ak timoun yo sou nouvo kowonaviris la, videyo edikatif sou entènèt, li soti nan New York State Kinship Navigator.
- **Konsèy pou moun k ap bay swen moun k ap bay swen bay sou pwen tansyon jeneral yo pou timoun ki gen paran yo ki gen pwoblèm ak lajistis**, li soti nan bibliyotèk sou entènèt Sant Resous Nasyonal pou Timoun ak Fanmi Moun ki nan Prizon an nan Rutgers University (National Resource Center for Children and Families of the Incarcerated at Rutgers University).
- **Resous pou ede sipòte sante mantal, konpòtman sosyal, ak edikasyon timoun ki gen paran yo nan prizon pandan pandemi COVID-19 la**, li soti sou Youth.gov.

Lè ou konekte ak lòt moun k ap bay swen oswa fanmi anprizonnman afekte, sa kapab ede ou santi ou gen sipò epi ede ou redui enkyetid. Sipò ki disponib:

- **Atelye vityèl sou bon relasyon ak gwoup sipò pou moun k ap bay swen ak granmoun ki gen yon pwòch nan prizon**, li soti nan Asosyasyon Osborne (Osbone Association). Pou fè yon referans, kontakte Ivan Lucas nan ilucas@osborneny.org oswa nan 929-514-0024.

Mayor's Office of ThriveNYC

Haitian Creole